



Pou Piblikasyon Imedya: 05/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYIZANS NAN LAPOLIS ETA A POU LI EDE NAN ANKÈT SOU ATAK KONT YON GASON TRANS-SEKSYÈL NAN KONTE ROCHESTER

"Mwen santim outrage akòz rapò yon atak kont yon gason nwa trans-seksyèl ki gen 30 ane nan Rochester. New York p'ap janm tolere zak rayisans rankinye sa yo, e mwen bay enstriksyon ak Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans nan Lapolis Eta pou founi tout resous ki nesèsè pou mennen asayan yo devan lajistis.

Vyolans anti trans-seksyèl se yon epidemi nan peyi sa a ak plis pase youn sou kat moun ki trans fè fas ak atak baze sou rayisans, ak fanm trans yo ak moun koulè trans yo k'ap fè fas ak pi gwo to vyolans. Pa gen okenn kote pou moun yo pè pou sekirite yo ki baze sou moun yo ye, sou moun yo renmen, oswa ak jan yo sanble nan New York.

N'ap kontinye kanpe kòt a kòt ak manm kominote transjan epi ki gen sèks non konfòm yo, epi nou p'ap janm sispann nan pouswit nou pou akonpli eritaj New York kòm yon fa nan respè mityèl ak jistis pou tout moun".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)